

VYOLANS, DISKRIMINASYON OSWA ASÈLMAN NAN TRAVAY

Nan Chili, tout moun, kit yo se sitwayen chilyen oswa migran, gen dwa pou yo travay ak diyite, respè, epi san yo pa sibi okenn fòm move tretman. Sa garanti pa Kòd Travay la epi, depi mas 2024, pa Lwa Karin N°21.643, ki ranfòse pwoteksyon kont vyolans, asèlman ak diskriminasyon nan travay.

➤ Dwa fondamantal nan travay

Se garanti ki pwoteje diyite, respè ak egalite nan tretman nan espas travay, san konsidere nasyonalite, orijin etnik, sèks oswa lòt karakteristik. Patwon yo dwe respekte dwa sa yo.

➤ Diskriminasyon nan travay

Sa rive lè yo trete yon moun nan yon fason enjis poutèt nasyonalite li, koulè po, sèks, gwosès, lang, relijyon, laj, oryantasyon seksyèl, idantite sèks, aparans fizik, andikap oswa kondisyon sante. Egzanp: pa anboche yon moun paske li se migran, oswa peye mwens pou menm travay la.

➤ Eksplwatasyon nan travay

Sa vle di kondisyon abi tankou travay san kontra, orè pwolonje, mank mezi sekirite, twonpe pou pwofi ekonomik, travay fòse oswa sèvitid. Eksplwatasyon sa yo ka mennen lòt fòm move tretman.

➤ Vyolans nan travay

Sa gen ladan joure, move tretman, oswa nenpòt fòm agresyon, menm si li soti nan moun deyò antrepriz la, si patwon an pa pran mezi pou pwoteje.

▶ **Asèlman seksyèl**

Sa gen ladan nenpòt aksyon, jès oswa kòmantè ki gen konotasyon seksyèl ki pa dezire, ki afekte anviwònman travay la, tankou menas paske ou pa aksepte avans seksyèl.

▶ **Asèlman nan travay**

Sa gen ladan move tretman fizik oswa sikolojik repete, tankou joure, rele, izòlman, menas, chaje twòp ak travay oswa retire fonksyon san rezon.

▶ **Lwa Karin N°21.643**

Lwa sa entèdi represay kont moun ki pote plent pou asèlman oswa vyolans nan travay. Li etabli obligasyon pou tout antrepriz, tankou gen yon pwotokòl klè pou prevni ak aji sou ka asèlman, fè ankèt konfidansyèl nan tan konfòm, pwoteje moun ki pote plent la, epi pini si yo konfime agresyon an. Lwa a ankouraje tou anviwònman travay ki an sekirite ak ki bon pou sante mantal.

▶ **Kijan pou pote plent**

Ou ka pote plent oralman oswa ekri bay patwon an oswa nan Direksyon Travay. Si li oral, yo dwe ekri li ak siyati ak dat.

Gen de fason pou pote plent:

Administratif (Direksyon Travay)

Nan biwo yo oswa sou entènèt (www.dt.gob.cl), kote yo ka fè enspeksyon oswa medyasyon, epi si pa gen akò, voye nan tribinal.

Jidisyè (Tribinal Jistis)

Avèk èd yon avoka oswa atravè Kòporasyon Asistans Jidisyè, kote plent la ka fini ak yon jijman ak sanksyon.

► Obligasyon patwon apre yon plent

Dwe pwoteje imedyatman moun ki pote plent la ak mezi tankou separe espas yo, chanje orè oswa travay yo, epi bay sipò sikolojik, san tann rezilta ankèt la.

► Plis enfòmasyon ak konsèy

Direksyon Travay:

600 450 4000 - suac.dt.gob.cl - Biwo nan Valparaíso, San Felipe, Rancagua, Rengo, Curicó, Melipilla ak Talca.

Kòporasyon Asistans Jidisyè:

www.cajmetro.cl

ofri oryantasyon ak defans legal gratis.

